

## BAB V

### KACINDEKAN IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Hasil anu kapaluruh tina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan sajarah kasenian Ibing Buyung, stuktur pintonan jeung ajén falsafah anu nyangkaruk dina kasenian Ibing Buyung. Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta filsafat seni nurutkeun Jakob Sumardjo, metode panalungtikan anu digunakeun nyaéta metode deskriptif kualitatif anu miboga tujuan mere gambaran ka balaréa ngeunaan hiji fakta sacara objektif nyaéta objék anu ditalungtik.

Kasenian Ibing Buyung diciptakeunana nya éta dina taun 1969, mangrupa ibing hasil kréasi Emalia Djatikusumah jeung Rama Djatikusumah, minangka *refleksi* tina kagiatan ngala cai masarakat Paséban Desa Cigugur jaman baheula. Ilaharna nu ngala cai téh nya éta para wanoja bari nyuhun buyung jeung ngélék kendi nu kagambarkeun dina unggal gerakan ibing. Ibing Buyung mimiti dipintonkeun taun 1970, dina upacara adat Sérén Taun di desa Cigugur kecamatan Cigugur kabupaten Kuningan.

Ibing Buyung miboga tujuan pikeun media hiburan masarakat dina upacara adat Sérén Taun di Desa Cigugur, nu dilaksanakeun unggal taun tanggal 22 Rayagung nurutkeun penanggalan masarakat Sunda. Lian ti éta, Ibing Buyung mangrupa tangara sangkan masarakat apal kana ajén-inajén nu nyangkaruk tina sababaraha gerakan anu aya dina Ibing Buyung

Struktur dina kasenian Ibing Buyung nya éta tujuan, waktu, tempat, pakakas nu digunakeun, pormasi jeung gerakan sarta prak-prakkanana. Struktur kasenian Ibing Buyung teu loba ngalaman parobahan boh dina gerakanana boh tina pakakas nu dipakéna. Ieu kasenian dipirig ku Waditra kacapi indung, suling, kendang jeung goong. Kawih nu digunakeun dina ieu kasenian nya éta kawih “Teja Mantri” salaku kawih bubuka, jeung kawih “Kahyangan” salaku kawih inti jeung

panutup. Dina taun 2011 kungsi maké kawih “Ku Lucu Malati” karya Mang Koko, sabab hayang leuwih ngaeksplor kawih Sunda nu lianna.

Dina kasenian Ibing Buyung, kapaluruh ayana ajén falsafah, nya éta;

- 1) Wangun (benda) seni, dumasar hasil wawancara sabada panalungtikan, hal material seni atawa medium seni dina Ibing Buyung kabagi kana tilu hal nya éta:
  - a) Seni visual anu mangrupa pakakas anu digunakeunana nya éta buyung jeung kendi.
  - b) Seni audio anu mangrupa rumpaka kawih nu dihaleuangkeun ku juru kawih nalika prak-prakanana sarta waditra kacapi indung, suling, kendang jeung goong.
  - c) Seni audio-visual nya kasenian Ibing Buyung, kusabab ayana seni gerak, anu dipirig ku seni sora waditra kacapi indung, suling kendang jeung goong.
- 2) Nu nyiptakeun seni, diciptakeunana Ibing Buyung ku Emalia Djatikusumah, dumasar kana kaayaan jeung kanyataan nu aya di lingkungan masarakat tuluy di gambarkeun ngaliwatan gerakan has para wanoja dina ngala cai.
- 3) Publik seni, panitén atawa apresiator kasenian Ibing Buyung téh réa nya eta sakabéh elemén masarakat anu jadi pamilon dina upacara adat Sérén Taun, teu kawatesanan ku umur, kasang tukang, etnis, adat-istiadat, suku jeung agama.
- 4) Ajén seni dina Ibing Buyung dipasingkeun kana tilu hal nya éta ajén, estetika, jeung logika.
  - a. Ajén nu aya dina ieu kasenian nya éta buyung, kendi, busana nu dipakéna saperti apok, samping, jeung kongkorong,
  - b. Éstetika nu aya dina kasenian Ibing Buyung nya éta tina gerakanana saperti gerakan nyiblung, pakaléng-kaléng, jeung ngangkat buyung tina sirah.

- c. Logika, kasenian Ibing Buyung nya éta kasenian nu logis miboga ajén pragmatis katitén tina unggal gerakanana anu mangrupa gambaran kaayaan jeung kanyataan dimasyarakat.
- 5) Pangalaman seni, Emalia Djatikusumah salaku *koreografer* kungsi nyiptakeun sababaraha seni ibing saperti Ibing Jaka Tarub jeung Ibing Pwah Aci. Seni gerak nu diciptakeunana dumasar kana kaayaan jeung kanyataan nu kaalaman.
- 6) Konteks seni, Ibing Buyung mangrupa seni ibing minangka *refleksi* tina kabiasaan masarakat Sunda di desa Cigugur dina ngala cai anu geus jadi budaya turun-timurun.

## 5.2 Implikasi

Ibing Buyung mangrupa salah sahiji seni ibing anu aya dina upacara adat Sérén Taun di Paseban Desa Cigugur Kecamatan Cigugur Kabupaten Kuningan. Panalungtikan ngeunaan Ibing Buyung tangtu ngabutuhkeun sababaraha elemen masarakat pikeun jadi objék sarta narasumber dina ieu panalungtikan. Diciptakeunana Ibing Buyung sangkan masarakat kiwari apal kana paripolah masarakat jaman baheula anu silih bantuan, sarta bisa méré mangpaat pikeun balaréa, salah sahijina mangpaat pikeun dokumentasi kabudayaan.

Dokumentasi kabudayaan miboga mangpaat pikeun entragan saterusna sangkan apal kana adat-istiadat jeung kabudayaan entragan saméméhna sarta bisa dimangpaatkeun pikeun kabutuhan séjén, saperti pikeun ngeuyeuban data atawa dadasar panalungtikan anu aya patalina jeung budaya ogé bisa dijadikeun udagan atawa babandingan keur panalungtikan ngeunaan kabudayaan di tatar Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Ieu di handap sababaraha rékoméndasi nu disusun pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

1. Mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa mere pangaweruh ngeunaan kabudayaan, sarta bisa dijadikeun referensi pikeun panalungtikan-panalungtikan nu sarupa, boh panalungtikan kasenian Ibing Buyung boh

Siti Kurniyasih, 2017

**AJÉN FALSAFAH DINA IBING BUYUNG DI UPACARA ADAT SÉRÉN TAUN DÉSA CIGUGUR  
KECAMATAN CIGUGUR KABUPATEN KUNINGAN TAUN 2014**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kana kasenian nu séjénna. Lantaran dina ieu kasenian masih kénéh loba anu perlu ditalungtik. Ku kituna, para mahasiswa bisa ngalakukeun panalungtikan kana ieu kasenian tina sawangan nu séjénna.

2. Guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ku cara ngamekarkeun deui alternatif bahan pangajaran maca pikeun siswa.
3. Siswa, dipiharep bisa mikawanoh kana kasenian Ibing Buyung jeung kasenian masarakat Sunda lianna nu aya disabudeureunana jeung maham kana ajén-inajénna.
4. Masarakat, dipiharep bisa leuwih reueus jeung babarengan ngariksa kabudayaan katut kasenian nu aya di tatar Sunda. Contona kasenian Ibing Buyung.
5. Disparbud kabupaten Kuningan dipiharep sangkan leuwih bisa ngainventarisir kana budaya jeung kasenian nu aya di kabupaten Kuningan, sarta bisa leuwih ngarojong deui boh dina bentuk materi boh non material pikeun kamajuan tina sektor budaya nu perlu leuwih dipromosikeun deui ka balaréa.